



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



KONKOU CHAN POU GRAFÈM KREYÒL LA

Tèm: Alfabè a se nanm lang pèp ayisyen an, nou tout dwe konnen l!

KRITÈ PATISIPASYON KÒM KONPETITÈ

Akademi an ap òganize konkou sou « **Grafèm Lang Kreyòl** » la nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la, jan Konstitisyon ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab genyen yon chante nasyonal ki pral sèvi “IM” pou sistèm grafi lang nan.

Pou yon moun kapab patispe nan konkou sila li dwe reponn ak kritè sa yo :

1. Li dwe se yon ayisyen;
2. Li pa oblije gen yon laj fiks, selman si li se yon minè moun ki responsab li a dwe akonpaye l nan moman l ap enskri a epi nan tout sa li ap gen pou li fè nan kad konkou a;
3. Fòk li pa gen lajistis ki ap pousuiv li;
4. Li kapab yon ekolye, yon etidyan, yon pwofesyonèl, eksetera...
5. Yon, koral, yon gwoup mizikal oswa yon djaz kapab patisipe tou kòm konpetitè. Nan ka sa tout manm li yo dwe respekte kritè en (1) ak twa (3) yo;
6. Li dwe prezante yon mizik ki pa depase twa (3) minit;
7. Se kandida a ki responsab ekri mizik li vle prezante pou konkou a, sa vle di li pa dwe se mizik lòt moun li kopye;
8. Li dwe dakò pou AKA itilize mizik li a nan pwomosyon lang kreyòl ayisyen an;
9. Fòk chante a fè parèt yon fason klè pou tout moun konprann 32 fonèm oswa son ki mache ak 32 grafèm lang kreyòl la jan dezyèm rezolisyon sou òtograf la prezante li a.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



KONKOU CHAN POU ALFABÈ KREYÒL LA

Tèm: Alfabè a se nanm lang pèp ayisyen an, nou tout dwe konnen !

KRITÈ PATISIPASYON KÒM MANM JIRI

Akademi an ap òganize konkou sou « **Grafèm Lang Kreyòl** » la nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la, jan Konstitisyon ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab genyen yon chante nasyonal ki pral sèvi “IM” pou sistèm grafi lang nan. Jiri a dwe gen senk (5) manm.

Men kèk kritè pou yon moun vin manm jiri nan kad konkou mizik sou alfabè kreyòl ayisyen an :

1. Manm jiri a dwe majè, fò li pa gen lajistis ki ap pousuiv li;
2. Li dwe pale epi ekri kreyòl la byen;
3. Li dwe montre enterè li genyen pou lang ak kilti kreyòl la;
4. Li dwe genyen yon devouman pou enfòmasyon popilasyon an sou sistèm grafi lang kreyòl;
5. Li dwe gen eksperyans nan zafè jiri pou konkou chan;
6. Li dwe gen konpetans nan zafè mizik sa vle di li kapab se:
 - a) yon mizisyen pwofesyonèl tout moun konnen;
 - b) yon pwofesè mizik
 - ch) yon atis chantè oswa konpozitè mizik tout moun konnen;
7. Li dwe disponib pou patisipe nan evalyasyon konpetitè yo ak deba pou chwazi meye mizik la.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



KONKOU CHAN POU ALFABÈ KREYÒL LA

Tèm: Alfabè a se nanm lang pèp ayisyen an, nou tout dwe konnen !

KRITÈ EVALYASYON

Akademi an ap òganize konkou sou « **Grafèm Lang Kreyòl** » la nan lide pou li kontinye fè pwomosyon non sèlman pou lang ak kilti kreyòl la, jan Konstitisyon ak Lwa 7 avril 2014 la mande li sa a, men tou pou li kapab genyen yon chante nasyonal ki pral sèvi “IM” pou sistèm grafi lang nan.

Men lis kritè ki pral sèvi gid pou manm jiri a nan evalyasyon chak mizik konkou a :

1. Melodi a dwe orijinal (tout imitasyon ak entèpretasyon mizik lòt moun ap elimine);
2. Mizik la dwe anrejistre nan estidyo;
3. Mizik la dwe gen bon jan kalite son ak pawòl, li dwe nan fòm MP3 oswa MP4;
4. Konpetitè a dwe respekte dat limit ki fikse pou sa, (kidonk tout mizik ki rive apre dat limit lan p ap nan evalyasyon an);
5. Fòk chante a fè parèt aklè tout 32 grafèm ki fòm otograf kreyòl la;
6. Konpetitè a dwe chante avèk jistès, ekspresyon epi ezans;
7. Fòk zèv la gen yon aspè pedagogik (fòk li fasilite aprantisaj alfabè kreyòl la).